

Konsèy sou Fason pou Kondwi San Danje pandan Sezon Ivè Anpeche aksidan, domaj ak deranjman



Mennen machin lan bay mekanisyen pou fè revizyon:

Tcheke bann woulman kawotchou yo, kawotchou nèj yo ogmante kapasite pou kanpe epi ka anpeche aksidan.

Tcheke motè ak tout likid yo.

Kenbe bon nivo pou likid pou lave vit, radyatè ak gaz nan tank lan.

Prepare - Sa pran plis tan/kòmanse bonè:

Tcheke nouvèl lokal yo pou alèt meteyo/fèmti ak rapò sou eta otowout yo <https://511ny.org/>

Anvan w kondwi - retire nèj ki nan tiyo echapman (monflè) an, limen machin nan pou l ka chofe, retire jèl nan vit yo epi retire nèj sou machin nan ak limyè yo

Sonje ranp ak pon yo jele anvan wout yo rekouvri

Ogmante distans ant machin ou ak machin ki devan w lan

Redui vitès machin lan, nèj ak glas yo glise. Lè w kanpe sa pran plis tan

Aprann kijan pou w soti anba yon derapaj, wout yo glise nan sezon ivè a

Konnen si w gen fren ki gen Sistèm Frenaj Antiblokaj (ABS); PA JANM ponpe fren ABS yo

Pote founiti ijans:

Flach, chapo, gan pwès, kouvèti ak fize ki voye siyal (brikè/alimèt nan yon sak ki p ap mouye)

Dlo potab; nwa, fwi sèk ak bonbon di

Pèl, gratwa glas ak kab demaraj

Sab, sèl/glas oswa sab chat yo si w bloke epi bezwen plis traksyon pa dèyè machin nan

TS. Haitian Creole. WinterSafe Driving Tips. 2020



Governor's Traffic Safety Committee